Suwadji

NGOKO KRAMA



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
BADAN PENGEMBANGAN DAN PEMBINAAN BAHASA
BALAI BAHASA PROVINSI DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA

NGOKO KRAMA

Suwadji



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
BADAN PENGEMBANGAN DAN PEMBINAAN BAHASA
BALAI BAHASA PROVINSI DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA

NGOKO KRAMA
Suwadji

Penyunting
Umar Sidik

Hak Cipta Dilindungi Undang-Undang

Diterbitkan pertama kali oleh:
KEMENTERIAN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
BADAN PENGEMBANGAN DAN PEMBINAAN BAHASA
BALAI BAHASA PROVINSI DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34
Yogyakarta 55224
Telepon (0274) 562070, Faksimile (0274) 580667
Laman www.balaibahasa.org

Cetakan Pertama
November 2013

Katalog Dalam Terbitan (KDT)
NGOKO KRAMA, Suwadji, Yogyakarta: Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta, 2013
(viii, 52 hlm.; 21cm)
ISBN 978-602-777-762-0

Sanksi Pelanggaran Pasal 72, Undang-Undang Nomor 19 Tahun 2002 tentang Hak Cipta.

1. Barang siapa dengan sengaja dan tanpa hak melakukan perbuatan sebagaimana dimaksud dalam Pasal 2 ayat (1) atau Pasal 49 ayat (1) dan ayat (2) dipidana dengan pidana penjara masing-masing paling singkat 1 (satu) bulan dan/atau denda paling sedikit Rp 1.000.000,00 (satu juta rupiah), atau pidana penjara paling lama 7 (tujuh) tahun dan/atau denda paling banyak Rp 5.000.000.000,00 (lima miliar rupiah).
2. Barang siapa dengan sengaja menyiarkan, memamerkan, mengedarkan, atau menjual kepada umum suatu ciptaan atau barang hasil pelanggaran Hak Cipta atau Hak Terkait sebagaimana dimaksud pada ayat (1) dipidana dengan pidana penjara paling lama 5 (lima) tahun dan/atau denda paling banyak Rp 500.000.000,00 (lima ratus juta rupiah).

SAMBUTAN KEPALA BALAI BAHASA PROVINSI DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA

Balai Bahasa Provinsi DIY dumugi samangke taksih angleksanakaken visi lan misi ingkang sampun dipuntemtokaken, inggih menika andadosaken punjering informasi ingkang lengkap lan dados layanan ingkang sae ing bab basa lan sastra, mliginipun wonten Daerah Istimewa Yogyakarta utawi saged ugi wonten Indonesia. Pramila, salah satunggaling misi ingkang dipunayahi inggih menika ngrembakakaken bahan informasi bab basa lan sastra Indonesia lan dhaerah (Jawi). Kanthi visi lan misi menika, Balai Bahasa Provinsi DIY nggadhahi pangangkah supados bahan informasi bab basa lan sastra kala wau saged dipunginakaken dening masyarakat pinangka "*pembinaan, pengembangan,* lan *pelindungan*" basa lan sastra wonten Indonesia kados ingkang dipunamanataken wonten Undang-Undang Nomor 24 Tahun 2009 lan Permendikbud Nomor 20 Tahun 2012.

Gegayutan bab ing nginggil, bilih bab wau sampun dipunleksanakaken mataun-taun kepengker, Balai Bahasa Provinsi DIY taun 2013 menika nyithak malih buku-buku basa lan sastra. Buku-buku ingkang kacithak kadosta buku ingkang asesirah *Ngoko Krama* anggitanipun Suwadji menika ngemot bab tembung-tembung ngoko ingkang wonten kramanipun, krama inggilipun, utawi krama andhapipun.

Pungkasaning atur, kula ngaturaken gunging panuwun dhumateng pangripta, panyunting, penilai, ugi panitya penerbitan ingkang ndadosaken buku menika saged kawaos masyarakat. Mugi-mugi buku menika saged migunani. Nuwun.

Yogyakarta, November 2013

Drs. Tirto Suwondo, M.Hum.

CECALA

Kathah tiyang sami nggersula menawi gesangipun basa Jawi sapunika kirang ngremenaken, mliginipun ing bab cak-cakanipun basa karma. Satleraman, salah satunggaling bab ingkang dados underaning prekawis inggih punika kirangipun seserepaning masyarakat dhateng tembung ngoko, krama, krama inggil punapa dene krama andhap dalah penganggenipun ing basa Jawi. Inggih awit saking bab punika, basa Jawi lajeng ketingal boten kados samestinipun. Malah, saperangan masyarakat, mliginipun para nem-neman, sami ajrih ngginakaken basa Jawi, kuwatos menawi dados gegujenganipun tiyang sanes.

Buku alit punika kababar kanthi pangangkah sageda dados cepengan kangge madosi tembung-tembung ngoko ingkang wonten kramanipun, krama inggilipun, utawi krama andhapipun. Tembung-tembung ngoko sanesipun boten kaklempakaken ing buku punika. Tegesipun menawi boten wonten ingkang kececer, tembung ngoko ingkang mboten wonten ing buku punika sami wujudipun kaliyan tembung kramanipun. Umpaminipun, tembung *sumur, gelas,* lan *kursi.*

Wasana, mugi-mugi buka sapala punika migunani tumrap gesangipun basa Jawi, boten ngemungaken kangge lare-lare sekolah, nanging ugi kangge sok sintena ingkang kepingin marsudi basa Jawi.

Pangripta

PRATELAN ISI BUKU

I
BEBUKA

Apa tegese tembung *ngoko*? Yen ditlusur, tembung *ngoko* iku asale saka tembung *koko*. Amerga oleh ater-ater (*ng*-), tembung *koko* malih dadi *ngoko*, kaya dene tembung *kobong* dadi *ngobong* lan tembung *kokop* dadi *ngokop*. Dene tegese, tembung *koko* ora bedo karo tembung *kowe*. Semono ugo, tembung *ngoko* makane ora beda karo tembung *ngowe*, sing ateges nyebut *kowe* marang wong sing lagi diajak guneman. Kanthi mengkono, tembung *ngowe* lan uga *ngoko* mengku teges ora nganggo pakurmatan.

Saliyane tembung *ngoko*, ana tembung *krama* sing mengku teges kosok baline. Lire, yen tembung *ngoko* kena tegese ora ngurmati, tembung *krama* mengku teges ngurmati utawa luwih ngajeni. Mula saka iku, ing jagading pasrawungan, *krama* dianggep luwih alus tinimbang *ngoko*.

Tembung *ngoko* lan *krama* iku panggone mengku karep werna loro.

1. Kanggo nyebut jenising tembung, yaiku
   a. tembung ngoko: *godhong, pari,* lan *klambi*;
   b. tembung krama: *ron, pantun,* lan *rasukan.*
2. Kanggo nyebut tataraning basa miturut undha-usuke, yaiku
   a. basa ngoko: *Aku arep lunga dhisik*;
   b. basa krama: *Kula badhe kesah rumiyin*.

Andhedasar katerangan ing dhuwur iku, *tembung ngoko* ora padha karo *basa ngoko*, semono uga *tembung krama* ora padha karo *basa krama*. Cethane meneh *tembung* beda karo *basa*. Mung bae perlu dimangerteni yen tembung *basa* ing pasrawungan padha tegese karo tembung *krama*. Contone kaya ing ngisor iki.

(1) Omonganmu sing keri kuwi *basakna*.
(2) Omonganmu sing keri kuwi *kramakna*.

II.
TEMBUNG NGOKO LAN KRAMA

Adhedhasar undha-usuk panganggone, sing pokok basa Jawa dipilahke dadi rong tataran, yaiku basa ngoko lan basa krama. Tembung-tembung uga diperang dadi rong werna, yaiku tembung ngoko lan tembung krama. Mung bae, amarga basa sing rong tataran iku isih bisa dipilah-pilahke maneh, tembung krama sing dianggo uga bisa werna-werna. Yen dicacahke, tembung krama sing dikarepake iku ana sing diarani tembung krama madya, krama enggon-enggonan, krama desa, krama inggil, lan krama andhap. Ing perangan liya isih ana tembung ngoko, nanging ora werna-werna kaya tembung krama iku.

2.1 Tembung Ngoko

Tembung ngoko iku cacahe akeh banget, malah kena diarani akeh dhewe ing antarane tembung-tembung liyane. Kejaba tembung *ngoko* thok sing ora ana kramane, tembung-tembung liyane sing dudu tembung ngoko mesthi ana tembung ngokone. Umpamane, tembung krama *abrit, dalu,* lan *sakit* duwe tembung ngoko *abang, bengi* lan *lara*. Semono uga, tembung krama inggil *sare, rikma,* lan *grana* ana tembung ngokone, yaiku *turu, rambut,* lan *irung*. Saliyane tembung iku, tembung kasar kaya *modar, mbadhog,* lan *nyekek* uga klebu tembung ngoko.

Ana meneh tembung liyane sing uga kepetung tembung ngoko, yaiku tembung ngoko sing ora ana tembung kramane, kaya sing wis kesebut ing dhuwur. Dadi, tembung ngoko sing dikarepake iku uga dianggep minangka tembung krama. Gandheng karo kenyataan sing kaya mengkono iku, tinemu nalar yen tembung sing kaya kuwi diarani tembung ngoko-krama. Contone, tembung *tempe, kamar,* lan *kewan,* ngoko lan krama padha bae.

Saiki sing dadi titikane tembung ngoko iku apa? Ora kabeh tembung ngoko ana titikane utawa tetengere. Mung saperangan bae sing bisa diterangake titikane adhedasar wujude tembung iku sing katon. Upamane adhedhasar ater-ater (*awalan*) utawa panambang (*akhiran*) sing ana ing tembung iku. Lire, tembung-tembung sing oleh ater-ater *di-,* panambang –(*n*)e, utawa –(*k*)*ake* lumrahe klebu golongane tembung ngoko.

Conto:

*di*pangan	sikil*e*	nulisa*ke*
*di*kongkon	pari*ne*	macaka*ke*
*di*gawa	wong*e*	njupuka*ke*

Titikane tembung ngoko sing liyane rodo angel diterangake amarga ana gandhenge karo dumadine tembung krama saka tembung ngoko iku. Cethane, akeh tembung krama sing dumadine amarga anane owah-owahan swara ing tembung ngoko. Mula saka iku, tembung sing durung ngalami owah-owahan swara iku bisa klebu ing golongane tembung ngoko. Mung bae, titikane ora gampang didumuk yen titikane tembung kramane ora babar pisan diterangake.

2.2 Tembung Krama

Cacahe tembung krama mesthi bae luwih sethithik tinimbang cacahe tembung ngoko awit ora saben tembung ngoko

ana tembung kramane. Kosok baline, saben tembung krama mesthi ana tembung ngokone. Kejaba saka iku, tembung ngoko-krama sing jumlahe akeh banget uga kepetung golongan tembung ngoko. Dadi, tembung krama sing keheudakara atusan tembung mung kapetung sethithik yen dibandhingake karo tembung ngoko sing cacahe puluhan ewu tembung.

Ora kabeh tembung krama bisa diterangake titikane. Mung sakperangan bae sing bisa diterangake, umpamane, andhedhasar tetenger ing ngisor iki.

(1) Ater-ater lan panambang

Kena dipesthekake yen tembung sing oleh ater-ater *dipun*-, panembang --(*n*)*ipun,* utawa –(*k*)*aken* ora klebu ing golongan tembung ngoko, nanging klebu ing golongane tembung krama.
Conto:

*dipun*tanem	griya*nipun*	nilem*aken*
*dipun*tampi	tiyang*ipun*	njage*kaken*
*dipun*kengken	sukun*ipun*	mbetah*aken*

Tembung-tembung ngoko-krama uga bisa diwuwuhi ater-ater utawa panambang iku amarga tembung kuwi pancen bisa dadi tembung ngoko lan bisa dadi tembung krama.
Conto:

*dipun*bedhol	(*bedhol*: tembung ngoko-krama)
buku*nipun*	(*buku:* tembung ngoko-krama)
nerang*aken*	(*terang*: tembung ngoko-krama)

(2) Owah-owahan swara

Titikan liyane kanggo tembung krama yaiku anane owah-owahan swara ing tembung iku. Owah-owahan swara iku bisa diterangake kanthi njejerake tembung krama iku karo tembung ngokone. Tembung sing wis ngalami owah-owahan swara diarani tembung krama, dene tembung sing dadi asale, sing durung

owah, diarani tembung ngoko. Owah-owahan sing dikarepake iku kaya ing ngisor iki.

Ngoko	**Krama**
ganti	gantos
dina	dinten
mlebu	mlebet
maju	majeng
pari	pantun
kuna	kina
susah	sisah
gugu	gegah
buruh	berah
obah	ebah

2.3 Undha-Usuke Tembung

Ing ngarep wis diandharake yen tembung ing basa Jawa diperang dadi rong golongan, yaiku tembung ngoko lan tembung krama. Tembung krama ing pasrawungan dianggep luwih ngurmati lan luwih ngajeni tinimbang tembung ngoko. Gandheng panggonane duwe ancas ngurmati utawa ngajeni, tembung krama bisa dipilah-pilahake maneh miturut carane ngurmati utawa ngajeni iku. Bab kuwi uga gumantung marang pasrawungane antarane wong siji lan sijine, sapa sing ngajeni lan sapa sing diajeni ing panggonane tembung krama iku. Dene pananggone tembung ngoko kaya-kaya ora perlu mikirake bab-bab sing kaya ngono iku. Mula saka iku, tembung ngoko ora werna-werna cacahe.

Umume masyarakat Jawa wis padha ngerti sing diarani tembung krama, krama inggil, lan krama andhap sing bakal dirembug ing ngisor iki.

(1) Tembung krama

Yen diarani tembung krama ngono bae, sing dikarepake yaiku sakabehing tembung sing dadi kramane tembung ngoko.

Saperangan bisa dititeni sarana titikan kaya sing wis diterangake ing dhuwur, dene tembung krama sing liyane ditentokake adhedhasar panganggepe masyarakat. Lire, sawenehing tembung iku diarani tembung krama apa dudu, sing nentokake masyarakat. Bisa uga sing ing kene dianggep tembung krama, ing liya panggonan tembung iku dianggep dudu tembung krama. Mula saka iku, krama enggon-enggonan (dhialek) kaya kuwi klebu uga ing golongane tembung krama iki. Contone: *mantun* (sing ateges rampung), *tungkas, dhekeman,* lan *kirangan.*


Klebu uga ing golongane tembung krama yaiku tembung-tembung sing diarani krama desa. Nitik saka arane, tembung-tembung iku lumrahe sing nganggo wong-wong desa, dudu wong weton sekolah, utawa dudu kulawarga priyayi. Tembung-tembung sing wis krama sok-sok malah dikramakake maneh, dene tembung sing kudune ora kena dikramakake uga dikramakake. Contone, tembung krama *ajrih* lan *jawuh*, dene jenenge panggonan *Kaliurang* lan *Madura* dikramakake dadi *Lepenurang* lan *Madunten.*

Ana maneh tembung krama sing diarani krama madya. Masyarakat akeh sing ngerti marang tembung iku merga pancen kerep dianggo ing pasrawungan saben dina, yaiku ing pasrawungan merdika sing ora kawengku ing kaanan resmi, tata cara, utawa paugeraning guneman sing kenceng. Mula, ora nggumunake menawa tembung krama madya kuwi akeh sing awujud wancahan utawa tugelane tembung krama sing umum, sing dianggep luwih becik. Conto ing ngisor iki bisa aweh gambaran bab wujude tembung krama madya sing dikarepake iku lan tembung krama sing dianggep luwih becik kuwi (ditulis ing jero kurung).

onten (wonten)
ampun (sampun)
teng (dhateng)

engga (manga)
napa (punapa)
mawon (kemawon)
njing (benjing)
jengen (kajengipun)
seking (saking)
ngeten (mekaten)
nggih (inggih)
niki (punika; ngokone *iki*)
niku (punika; ngokone *iku*)
tasih (taksih)
ajeng (badhe)
kalih (kaliyan)
samang (sampeyan)
seg (saweg)
ture (criyosipun; ngokone *jare*)

Adhedhasar andharan ing dhuwur, saora-orane ing kene ana telung golonganing tembung sing klebu ewone tembung krama, yaiku krama enggon-enggonan (dhialek), krama desa, lan krama madya. Tetelune dianggep ora mathuk yen dianggo guneman ing basa Jawa sing samestine awit ana tembung liyane sing dianggep luwih mapan utawa luwih becik. Kanthi mangkono, yen tembung sing dianggep luwih mapan lan luwih becik iku diarani tembung sing baku. Dadi, gambaran bab wernane tembung krama ing kene bisa dipantha-pantha kaya ngisor iki.



(2) Krama inggil

Wujude tembung krama inggil beda banget karo tembung krama. Lire, akeh tembung krama sing wujude bisa digathuk-

gathukake utawa ana empere karo tembung ngokone, nanging yen tembung krama inggil babar pisan ora ana empere karo tembung kramane lan uga tembung ngokone.

Tembung krama inggil digunakake kanggo ngurmati utawa ngajeni wong sing pantes dikurmati utawa diajeni. Bab iku jumbuh karo arane tembung krama inggil, yaiku krama kanggo aweh pakurmatan marang wong sing dikarepake kanthi cara ngluhurake wong iku (*inggil:* dhuwur, luhur). Mula saka iku, cacahe tembunge winates, upamane, ing tembung-tembung sing mretelakake pakaryan (*sare, dhahar, wungu*), parengane awak (*grana, asta, rikma*), tata pernah (*panjenengan, rayi, eyang*), barang darbe utawa panganggo (*dalem, asma, lancingan*).

(3) Krama andhap

Wujude tembung krama andhap uga ora beda karo wujude tembung krama inggil sing wis diterangake ing dhuwur. Semono uga ancas panggonane ora beda karo tembung sing pantes kinurmatan utawa ingajenan. Mung bae, beda carane. Tembung krama inggil digunakake kanggo ngluhurake wong sing dikarepake, dene tembung krama andhap digunakake kanggo ngasorake dhiri pribadine wong sing guneman utawa sing ngurmati (*andhap:* cendhek, asor).

Cacahe tembung krama andhap ora akeh, malah mung sethithik banget, yaiku mung winates ing tembung-tembung sing mratelakake pakaryan. Contone: *matur, nyuwun,* lan *nyaosi*.

III.
BASA NGOKO LAN KRAMA

Kaya sing wis diterangake ing ngarep, basa Jawa dipilahake dadi rong tataran, yaiku basa ngoko lan basa krama utawa sing lumrahe disebut ngoko lan krama. Ing antarane basa rong werna iku isih ana sing diarani basa madya utawa krama madya. Dadi, urutan undha-usuke kaya mengkene: ngoko, madya, krama.

3.1 Basa Ngoko

Tembung-tembung sing digunakake ing basa ngoko iki sing pokok yaiku tembung ngoko. Ater-ater lan panembange uga ngoko, yaiku *di-, -(n)e,* lan –(*k*)*ake.* Ananging, ing cak-cakan panganggone, basa ngoko iku isih bisa dipilah-pilahake maneh, ana sing alus la ana sing dianggep ora alus. Lumrahe, basa ngoko iku diperang dadi telu, yaiku ngoko lugu, ngoko antya-basa, lan ngoko basa-antya.

(1) Ngoko lugu

Tataran basa ngoko sing ngisor dhewe diarani ngoko lugu. Tembung-tembung sing digunakake kabeh ngoko. Semono uga ater-ater lan panambange.

(2) Ngoko antya-basa

Tembung-tembung sing digunakake uga ngoko, nanging ana campuran krama inggil utawa krama andhap. Ater-ater lan panambange tetep ngoko.

(3) Ngoko basa-antya

Tembung-tembung sing digunakake ngoko lan krama inggil utawa krama andhap, nanging ana uga tembunge krama siji loro sing diselipake. Ater-ater lan panembunge tetep ngoko.

3.2 Basa Krama

Tembung-tembung sing digunakake ing basa krama sing pokok yaiku tembung krama. Ater-ater lan panambange uga krama, yaiku *dipun-,-(n)ipun,* lan *-(k)aken*. Tembung krama inggil utawa krama andhap sok-sok uga diperlokake ing basa krama iku. Mula saka iku, basa krama kena dibedakake antarane sing alus lan sing kurang alus. Ing pamulangan basa krama dipilah-pilahake dadi telung tataran, yaiku, saka ngisor mendhuwur, wredha krama, kramantara, lan mudha krama.

(1) Wreda krama

Iki biasane wong tuwa (wredha) marang wong enom. Tembunge kabeh krama, nanging panembange ngoko: *-(n)e* utawa *–(k)ake*.

(2) Kramantara

Iki biasane wong-wong sing tatanane padha (kalungguhane, pangkate, sekolahe, umure, utawa liya-liyane). Tembung-tembunge kabeh krama, semono uga ater-ater lan panembange: *dipun-, -(n)ipun,* lan *–(k)aken*.

(3) Mudha krama

Iki basane wong enom (mudha) marang wong tuwa. Tembung-tembunge kabeh krama kacampuran krama inggil utawa krama andhap. Ater-ater utawa panambange uga krama.

3.3 Basa Madya

Basa madya utawa basa krama madya iki sejatine isih klebu ing tatarane basa krama, nanging basa krama sing ora alus. Miturut undha-usuke basa, dunungе basa madya ing antarane basa ngoko lan basa krama. Sing dadi titikane yaiku akeh tembung krama madya sing digunakake ing basa iku.

Sanajan isih dadi perangane basa krama, basa krama madya kena dipilah-pilahake maneh dadi telung tataran, yaiku, saka ngisor mendhuwur, madya ngoko, madyantara, lan madya krama.

(1) Madya ngoko

Tembung-tembung sing digunakake ing basa iki yaiku tembung krama madya lan tembung ngoko, dene ater-ater lan panambange ngoko.

(2) Madyantara

Tembung-tembung sing digunakake ing basa iki yaiku tembung krama madya lan tembung krama baku, dene ater-ater lan panambange ngoko.

(3) Madya krama

Tembung-tembung sing digunakake ing basa iki yaiku tembung krama madya, tembung krama baku, lan uga tembung krama inggil utawa krama andhap. Ater-ater lan panambange ngoko.

3.4 Basa Ngoko Alus lan Krama Alus

Yen dietung adhedhasar perangane basa ngoko, basa madya lan basa krama ing dhuwur iku, ana sangang tataran ing undha-usuke basa Jawa. Tataran sing ngisor dhewe yaiku basa ngoko lugu, dene tataran sing dhuwur dhewe yaiku basa mudha krama. Saka dhuwur mangisor, urut-urutane tataran iku kaya ing ngisor iki.

I. Basa Krama
1. Mudha Krama
2. Kramantara
3. Wredha Krama

II. Basa Madya
1. Madya Krama
2. Madyantara
3. Madya Ngoko

III. Basa Ngoko
1. Ngoko Basa-Antya
2. Ngoko Antya-Basa
3. Ngoko Lugu

Cacahe tataran pancen kepetung akeh. Mula uga akeh wong sing ora ngerti pilah-pilahe saben tataran iku. Kejaba tataran akeh, sing dadi titikane saben tataran uga ora gampang dititeni awit urut-urutane tataran iku ora cetha watese. Tur maneh, saiki ora kabeh tataraning basa iku kanggo ing pasrawungan saben dina. Ana sing kandha yen basa Jawa iku angel.

Kanggo nggampangake, becik saiki basa jawa dipilahake bae dadi rong werna, yaiku ngoko lan krama. Sabanjure, ngoko dipilahake maneh dadi ngoko lugu lan ngoko alus, dene krama dipilahake uga dadi krama lugu lan krama alus. Basa patang werna iku sing saiki dipersudi ing pamulangan, ing sekolahan, lan uga ing masyarakat umum.

(1) Ngoko lugu

Tembung-tembungge kabeh ngoko, semono uga ater-ater lan panambange.

Conto: Mengko sore, yen sida, aku arep lunga menyang Surabaya. Yen kowe duwe dhuwit, bok aku disilihi sangu. Arep njaluk Paman, dheweke lagi ora duwe dhuwit. Ana dhuwit sethithik, nanging, jarene Paman, wis kadhung ditukokake obat. Bibi lara tangane. Bisa ta nyebrak sedina rong dina?

(2) Ngoko alus

Tembung-tembunge ngoko karo krama inggil lan krama andhap, dene ater-ater lan panambange panggah ngoko.

Conto: Mengko sore, yen sida, aku arep lunga menyang Surabaya. Yen panjenengan kagungan dhuwit, bok aku diparingi ngampil sangu. Arep nyuwun Paman, panjenengane lagi ora kagungan dhuwit. Ana dhuwit sethithik, nanging, ngendikane Paman, wis kadhung dipundhutake obat. Bibi gerah astane. Bisa ta nyebrak sedina rong dina?

(3) Krama lugu

Tembung-tembung kabeh krama, semono uga ater-ater lan panambange.

Conto: Mangke sonten, menawi siyos, kula badhe kesah dhateng Surabaya. Menawi sampeyan gadhah arta, bok kula dipunsambuti sangu. Badhe neda Paman, piyambakipun saweg boten gadhah arta. Wonten arta sekedhik, nanging, criyosipun Paman, sampun kelajeng dipuntumbasaken obat. Bibi sakit tanganipun. Saged ta nyebrak sedinten kalih dinten?

(4) Krama alus

Tembung-tembunge krama karo krama inggil lan krama andhap, dene ater-ater lan panambange uga krama.

Conto: Mangke sonten, menawi siyos, dalem bade kesah dhateng Surabaya. Menawi panjenengan kagungan arta, bok dalem dipunparingi ngampil sangu. Badhe nyuwun Paman, panjenenganipun saweg boten kagungan arta. Wonten arta sekedhik, nanging, ngendikanipun paman, sampun kelajeng dipunpundhutaken obat. Bibi gerah astanipun. Saged ta nyuwun ngampil sedinten kalih dinten?

IV.
PRATELAN TEMBUNG

Kanggo mujudake basa patang werna sing wis diterangake ing bab III, dibutuhake tembung-tembung sing cacahe uga werna papat, yaiku tembung ngoko, krama, krama inggil, lan krama andhap, kejaba ana maneh sing diarani tembung ngoko-krama. Rancake masyarakat wis padha ngerti sing diarani tembung-tembung iku, nanging sing akeh dhewe dimangerteni yaiku tembung ngoko. Kejaba cacahe akeh dhewe, tembung ngoko luwih kerep dianggo ing pasrawungan saben dina tinimbang tembung-tembung liyane kuwi. Kanthi mengkono, prasasat ora nganggo sinau, masyarakat bisa ngerti marang tembung-tembung ngoko iku senajan antarane wong siji lan wong liyane sing dingerteni ora padha. Dene tembung-tembung liyane, yaiku tembung krama, krama inggil, lan krama andhap kudu disinau adhedhasar tembung ngokone lumantar pasrawungan ing masyarakat uga utawa lumantar papan sinau sing ana.

Jumbuh karo ancas sing kaya mangkono iku, ing perangan candhake buku iki ana pratelan utawa dhaftar tembung ngoko, krama, krama inggil, lan krama andhap. Ora kabeh tembung ngoko kamot ing dhaftar iku awit sing dimot mung tembung-tembung ngoko sing ana kramane. Ana uga tembung ngoko sing ora ana kramane dicathet ing dhaftar iki amarga tembung iku dewe krama inggil utawa krama andhap. Dadi, tembung ngoko sing dikarepake kuwi karo tembung kramane padha wujude. Umpamane, tembung *tangan* lan *irung*.

Pratelan tembung iku diperang dadi rong pantha: (1) pratelan tembung ngoko karo kramane, lan (2) pratelan tembung ngoko sing ana krama inggile utawa krama andhape. Murih gampange anggone nggoleki, linggane tembung-tembung ing dhaftar iku ditata miturut uruting abjad. Ing pratelan angka (2) ana kolom krama inggil sing ngemot tembung-tembung krama inggil (tanpa tetenger) lan uga tembung-tembung krama andhap kanthi tetenger *KA* (krama andhap). Contone *KA*: *nyuwun*

NGOKO	KRAMA
abang	abrit
abot kabotan kaboten	awrat kawratan kawraten
adang	bethak
adhem	asrep
kadhemen	kasrepen
adhep madhep ngadhep adhep-adhepan	ajeng majeng 1 ngajengaken; 2 sowan ajeng-ajengan
adoh kadohan kadohen	tebih katebihan ketebihen
adol	sadé
adu ngadu adon adon-adonan adu-adu adu arep	aben ngaben abenan aben-abenan aben-aben aben ajeng

agama	agami
agé agé-agé	énggal énggal-énggal
aja	sampun
aji	aos
ngaji	ngaos
ngajeni	ngaosi
pangaji	pangaos
aju maju ngajokaké	ajeng majeng ngajengaken
-ake (ngabar*aké*)	-aken (ngabaraken)
akeh kakéhan akéh-akéhe saakéh-akéhé ngakéh-akéhi	kathah kekathahen kathah-kathahipun sakathah-kathahipun ngathah-ngathahi
aku ngaku ngakoni akon-akon ngaku-aku	aken ngaken ngakeni aken-akenan ngaken-aken
ala piala alan-alan ngala-ala	awon piawon awon-awonan ngawon-awon
alang-alang	kambengan
alang, alangan ngalang-alangi kalangan	pambeng(an) mambengi kapambengan
alas alasan	wana wanan
ali-ali	sesupe

ali-ali	sesupe
alih, ngalih	pindhah
amarga	amargi
amba ngambakake kamban(en)	wiyar miyaraken kewiyaren
ambu ngambu mambu	ambet ngambet mambet
ambu-ambunen	ambet-ambetan
ana nganakaké kaanan ana déné	wonten ngawontenaken kawontenan wondéné
anak, anakan	sareman
andel, ngandel	pitados
andheg, mandheg	kéndel
angon pangon pangonan	angén pengé pengénan
antara	antawis
ana nganakaké kaanan ana déné	wonten ngawontenaken kawontenan wondene
anyang nganyang panganyang anyang-anyangan	awis ngawis pangawis awis-awisan
anyar nganyari anyaran	énggal ngénggali énggalan

apa apa déné apa manéh	punapa; menapa punapa déné; menapa déné punapa malih; menapa malih
apik ngapiki kapiken ngapik-apik	saé nyaéni kesaénen nyaèk-nyaèkaken
apura ngapura pangapura apura-ingapura	apunten ngapunten pangapunten apunten-ingapunten
aran ngarani	1 nama; 2 wasta mastani
arang karangen arang-arang	awis kawisen awis-awis
[1]arep	badhé
[2]arep ngarep ngarepan ngarep-arep	ajeng ngajeng ngajengan ngajeng-ajeng
bacut mbacutaké kebacut	lajeng nglajengaken kelajeng
baé	kémawon
bakal	badhé
bako	sata
baku	baken
bali mbalèni mbalèkaké bola-bali	wangsul mangsuli mangsulaken wongsal-wangsul
banget	sanget

banjir kebanjiran	bena kabenan
banjur sabanjuré kebanjur-banjur	lajeng salajengipun kalajeng-lajeng
banyu	toya
bareng mbarengi bebarengan	sareng nyarengi sesarengan
barep, (pa)mbarep	(pa)mbajeng
bata	banon
bathik mbathik bathikan	serat nyerat seratan
bébék	kambangan
becik	saé
bedhil	senjata
bengi	dalu
beras	wos
bésuk bésuk embèn	bénjing bénjing embèn
bisa kabisan sabisa-bisa	saged kasagedan sasaged-saged
biyèn	rumiyin
bobot	wawrat
bocah mbocahi	laré nglaréni
bokmenawa	bokmenawi; bokbilih
bolah	benang
bubar	bibar
bubrah	bibrah

bubuh mbubuhi bubuhan	bebah mbebahi bebahan
budhal mbudhalaké budhalan	bidhal mbidhalaken bidhalan
bukak mbukak kebukak	bikak bikak kebikak
bungkar mbungkar	bingkar mbingkar
buri	wingking
buru mburu buron	bujeng mbujeng bujengan
buri	wingking
buru mburu	bujeng mbujeng
buron	bujengan
buruh mburuhaké	berah mberahaken
butuh mbutuhaké kabutuhan	betah mbetahaken kabetahan
buwang mbuwang	bucal mbuwang
cedhak	celak
nyedhaki	nyelaki
céléng	andhapan
cedhak	celak
cendhék	andhap
cilik keciliken	alit kaliten
coba nyoba pacobaan	cobi nyobi pacobèn

crita	criyos
cukup nyukupi kacukupan	cekap nyekapi kacekapan
dadi ndadèkaké kedadéan	dados ndadosaken kedadosan
dagang, dagangan	dagangan; gramén
dak- (*dak*tutup)	kula (*kula* tutup)
dalan	margi
damar	dilah
dandan	dandos
Ndandani	ndadosi
dang, ngedang	bethak
dang-dangan	bethakan
dawa kedawanen	panjang kepanjangen
derma saderma	dermi sadermi
désa ndésani padésan	dhusun ndhusuni padhusunan
dhayoh	tamu
dhèk dhèk wingi	kala kala wingi
dhemen ndhemeni dhemenan	remen ngremeni remenan
dhéwé ndhéwé ndhéwéki	piyambak miyambak miyambaki
dhèwèkan	piyambakan
dhisik ndhisiki kedhisikan	rumiyin ngrumiyini kerumiyini
dhuwit	arta
dhuwur	inggil

di- (*di*tabrak)	dipun- (*dipun*tabrak)
dina dinan padinan sadina-dina	dinten dintenan padintenan sadinten-dinten
diyan	dilah
dluwang	dlancang
dodol dodolan	sadé sadéan
doh ngedohi kadohan	tebih nebihi ketebihan
dol ngedol	sadé nyadé
dudu	sanès
duga	dugi
keduga panduga	kedugi pandugi
dulur, sadulur ndulurakė paseduluran	sadhérék; sedhèrèk nyadhèrèkaken pasadhèrèkan; pasedhèrèkan
durung	dèrèng
sadurungé	sadèrèngipun
-é (kandang*e*)	-ipun (kandang*ipun*)
éling	énget; émut
kélingan	kéngetan; kémutan
èlmu	èlmi
emas	jené
énak kepénak ngénak-énak	éca sekéca ngéca-éca
endang	énggal
endheg, ngendheg(aké) endheg-endhegan	ngèndelaken pakéndelaken
endhék	andhap

endhog ngendhog	tigan nigan
eneng, ngenengaké eneng-enengan	ngèndelaken méndel-méndelan
enggon ngenggoni panggonan	enggèn ngenggèni panggènan
entas, mentas	nembé
enya	manga
enyang ngenyang	awis ngawis
gadhé nggadhèkaké	gantos nggantosaken
gajah	liman
gaman	dedamel
gampang gumampang	gampil gumampil
ganep, genep	jangkep
ganti gumanti	gantos gantos
gati	gatos
nggatèkaké	nggatosaken
gumati	gumatos
gebug	gebag
gedhang	pisang
gedhé	ageng
gemak	puyuh
génèya	kinging punapa
geni	latu
genti nggenteni	gentos nggentosi
getih	rah
glugu	glega
godhong gegodhongan	ron ron-ronan

golèk nggolèki	pados madosi
goroh	dora
gugat nggugat	gigat nggigat
gugu nggugu	gega nggega
gula	gendhis
guna nggunakaké	gina ngginakaken
gunung pagunungan	redi paradén
guyu ngguyu guyon	gujeng gumujeng; nggujeng gujengan; gegujengan
ijo ijoan	ijem ijeman
ijol ngijoli ijol-ijolan	lintu; linton nglintoni linton(an); linton-lintonan
ika	punika; menika
iki	punika; menika
iku	punika; menika
ilang ngilangi kélangan	ical ngicali kécalan
imbu ngimbu imbon	imbet ngimbet imbetan
impi ngimpi impèn	supena nyupena supenan
ingu ngingu	ingah ngingah
ingon ingon-ingon	ingahan ingah-ingahan
ireng	cemeng

isih	taksih
isin ngisin-isinaké ngisin-isini	lingsem nlingsemaken nglelingsemi
isor, ngisor	ngandhap
iwak	ulam
iya ngiyani	inggih nginggihi
jaba kejaba	jawi kejawi
jaga njaga jaga-jaga	jagi njagi jagi-jagi
jago njago(kaké)	sawung nyawungaken
jaréné	criyosipun
jati sejatiné	jatos sejatosipun
Jawa njawani kejawan	Jawi njawèni kejawèn
jembar	wiyar
jero njerokaké kejeron kenjeron	lebet; nglebet nglebetaken kelebeten kemlebeten
jeruk	jeram
kabèh	sedaya
kacèk	kaot
kaé	punika; menika
kaku	kaken
kalah ngalah	kawon ngawon
kali	lèpèn
kalèn	kalèn
k(r)ambil	kelapa

kamituwa	kamisepuh
kana	ngrika
kanca ngancani	réncang ngréncangi
kapan	bénjing punapa; kala punapa
kapiran	kapinten
karebèn	kajengipun
kari	kantun
karo sakaroné	1 kalih; 2 kaliyan kalih-kalihipun
karo tengah	kalih tengah
karuwan	kantenan
katon ngaton	katingal; ketingal ngatingal; ngetingal
kawruh	seserepan
kaya	kados
kayu	kajeng
kebo	maésa
kelar	kuwawi; kiyat
kembang	sekar
kena	kénging
kendhaga	kendhagi
kéné	ngriki
keponakan	kepénakan
kepriyé	kadospundi
kepung ngepung	kepang ngepang
kerep	1 kerep; 2 asring
kèri	kantun
kertu	kertu; kertos
kesusu	kesesa
ketan	ketos
ketara ngetarani	ketawis ngetawisi
kétok	ketingal

kinang nginang	ganten nggantèn
kira ngira kira-kira	kinten nginten kinten-kinten
kirim ngirim	kintun ngintun
klambi	rasukan
klasa	gelaran
kléru	kléntu
klumpuk nglumpukaké	klempak nglempakaken
krasa	kraos
krasan	kraos
kudu ngudokaké	kedah ngedahaken
kemudu-mudu	kumedah-kedah
kukuh ngukuhi	kekah ngekahi
kulak kulakan	kilak kilakan
kulon	kilén
kumat	kimat
kumbah ngumbahi	kimbah; girah nggimbahi; nggirahi
kumpul pakumpulan	kempal pakempalan
kuna	kina
kuning kuningan	jené kuningan; jenéan
kurang ngurangi	kirang ngirangi
kekurangan	kekirangan
kuru	kera
kurung, kurungan wringin kurung	sengkeran; kurungan wringin kurung

kutha	kitha
kuwasa nguwasani panguwasa	kuwaos nguwaosi panguwaos
kuwat	kiyat
kuwat-kuwatan	kiyat-kiyatan
kuwatir nguwatiri	kuwatos nguwatosi
kuwawa	kuwawi
kuwi	punika; menika
labuh nglabuhi lelabuhan	labet nglabeti lelabetan
ladi ngladèni leladi	lados ngladosi lelados
lagi	saweg
larang nglarang(i) kelarangen larangan	awis ngawisi kawisen awisan
lawang	kori
lawas	lami; dangu
lawasan	lamén
lawé selawé	lawé selangkung
lebu mlebu kelebon	lebet mlebet kelebetan
lemah	siti
palemahan	pasitèn
lemari	lemantun
lembut lelembut	lembat lelembat
lemu	lema
lèrèn	kèndel
lestari	lestantun

liru ngllironi	lintu nglintoni
leliru	lelintu
liya	sanés
lor	lèr
loro	kalih
loro-loroné	kalih-kalihipun
luku mluku	lujeng mlujeng
lulang	cucal
lumrah kalumrahan	limrah kalimrahan
luput ngluputaké	lepat nglepataken
luwih ngluwihi	langkung nglangkungi
linuwih	linangkung
madu	maben; madu
malam	lilin; malam
maling kemalingan	pandung;mandung kepandungan
mana, semana telung mana	semanten tigang manten
manèh	malih
mangkana mangkéné mangkono	makaten; mekaten makaten; mekaten makaten; mekaten
manuk	peksi
mari	mantun
mau	wau
mawa (srana)	mawi (srana)
menang	mipang
menawa	menawi; bilih
méné, saméné	samanten; semanten
menjangan	sangsam
menyang	dhateng

mono, semono	samanten; semanten
mori	monten; mori
mot, ngemot kamot	ngewrat kawrat
muga muga-muga	mugi mugi-mugi
mula	mila
mung	namung
mungguh	menggah
mungsuh	mengsah
murah	mirah
murahan	mirahan
mutawatiri	mutawatosi
muwah	miwah
nagara (negara)	nagari (negari)
ngana	makaten; mekaten
ngéné	makaten; mekaten
ngerti mangerti	ngertos mangertos
ngono	makaten; mekaten
nuli tumuli	nunten tumuten
obah	ébah
obong, ngobong kobong kobongan	mbesmi kebesmi kebesén
oléh	angsal
oléh-oléh ngoléh-oléhi	angsal-angsal ngangsal-angsali
opah ngopahi	épah ngépahi
ora saora-orané	boten saboten-botenipun
owah ngowahi	éwah ngéwahi

padha madhani sapepadhané	sami nyamèni sasasaminipun; sasesaminipun
padu madoni	paben mabeni
paido maido	paiben maiben
pajeg	paos
panas	bentér
papat	sekawan
paro maro paron separo	palih malih palihan sepalih
pasa	siyam
pasar sepasar pasaran	peken sepeken pekenan
pati kepati kepati-pati	patos kepatos kepatos-patos
ora pati	boten patos
pawarta	pawartos
pekarangan	pekawisan
pendhapa	pendhapi
pendhok	kandelan
penjalin	penjatos
pikul mikul pikulan	rembat ngrembat rambatan
pira mira sepira	pinten minten sepinten
piranti	pirantos

pitaya pinitaya mitayani	pitados pinitados mitadosi
pitik	ayam
piyé	kadospundi
pracaya	pitados
prada pradan	praos praosan
prakara mrakarakaké	prakawis mrakawisaken
prayoga mrayogakaké	prayogi mrayogékaken
prihatin mrihatinaké	prihatos mrihatosaken
priyayi	priyantun
pring pappringan	deling pappringan
puluh sepuluh puluhan	dasa sedasa dasan(an)
putih mutih	pethak methak
rada	radi
rana (mrana)	mrika
rasa ngrasani krasa	raos ngraosi kraos
rumangsa	rumaos
rerasan	reraosan
rata	radin
ratan	radinan; margi
rebut ngrebut	rebat ngrebat
rudatin	rudatos
rega ngregani	regi ngregèni
rekasa	rekaos

rembug ngrembug rembugan	rembag ngrambag rembagan
réné (mréné)	mriki
rina	rinten
riyaya	riyadi; riyadin
robah ngrobah	rébah ngrébah
rokok	ses
rombak ngrombak	rémbak ngrémbak
rono (mrono)	mriku
rubuh	rebah
rudatin	rudatos
rumat ngrumat	rimat ngrimat
runtuh	rentah
rumuntuh	rumentah
rupa	rupi
rerupan	rerupèn
rusuh ngrusuhi	resah ngresahi
saguh kesaguhan	sagah kesagahan
saiki	sapunika; samenika
saka	saking
sakloron	sakaliyan
salah nyalahi	salah; lepat nyalahi
salah siji	salah setunggal
salin nyalini	santun nyantuni
solan-salin	sontan-santun
sambung nyambung	sambet nyambet

sesambungan	sesambetan
samubarang	samukawis
sangga nyangga	sanggi nyanggi
sapa nyapa	sinten nyapa
sok sapaa	sok sintena
sapa aruh	sapa aruh
sapi	lembu
sarung	sandé
sasi	wulan
sasèn sasèn-sasèn	wulanan wewulanan; wulan-wulanan
sawah	sabin
sebut nyebutaké sebutan	sebat nyebataken sebatan
sedhéla	sekedhap
sedheng sedhengan	1 cekap; 2 sedheng cekapan
sega	sekul
segara	seganten
séjé	sanès
semana	semanten
semaya nyemayani	semados nyemadosi
semayan	semadosan
senadyan (senajan)	senadyan (sanajan); senaosa
seneng nyenengaké kesenengan	remen ngremenaken keremenan
sepi yepi	sepen nyepen
seprana sepréné seprana-sepréné	seprika sepriki seprika-sepriki

sésuk	bénjing énjing
sésuk sore	bénjing énjing sonten
sethithik	sekedhik
si (parman)	pun (parman)
sido	siyos
siji	setunggal
sore kesorén	sonten kesontenan
sranti nyrantékaké	srantos nyrantosaken
suguh nyuguh suguhan	segah nyegah segahan
suket	rumput
sungu	singat
supaya	supados
surasa nyurasa	suraos nyuraos
suruh nyuruhi	sedhah nyedhahi
[1]surup kesurupan wayah surup	serap keserapan wanci serap
[2]surup sesurupan	serep seserepan
susah	sisah
suwé nyuwèni kesuwèn	dangu ndedangu kedangon
saweg	sengkang
swara nywara	swanten nywanten
tai nai	tinja ninja
tak- (*tak*sebul)	kula (*kula* sebul)

tali naléni	tangsul nangsuli
setali	setangsul
tamba	jampi
tampa nampani	tampi nampèni
tandur nandur tanduran	tanem nanem taneman
tangga nangga tangga teparo	tanggi nanggi tanggi tepalih
tanggung nanggung	tanggel nanggel
tanggungan	tanggelan
tari nari	rantun nantun
tarèn	tantunan
tau	naté
tuwa nawakaké	tuwi nawèkaken
tebu	rosan
tegal pategalan	tegil pategilan
telu	tiga
telung atus	tigang atus
tembaga	tembagi
tembang nembang	sekar nyekar
temen(an) satemené	èstu; saèstu; yektos saèstunipun; sayektosipun
temu nemoni ketemu	panggih manggihi kepanggih
tenan(an)	èstu; saèstu; yektos
tepung	tepang
tepungan	tepangan

terus nerusaké	terus; lajengan nerusaken, nglajengaken
tiba ketiban	dhawah kedhawahan
tilik niliki	tuwi nuwèni
tinggal ninggali	tilar nilari
tlatèn nelatèni	tlatos nlatosi
trasi	traos
tulis tulisan	serat seratan
tumbak	waos
tuna	tuni
tunggal	tunggil
tunggal bapa	tunggil bapa
tunggu ketunggon	tengga ketengga
tutu nutu	gentang nggentang
tuton	gentangan
udakara	udakawis
udan kodanan	jawah kejawahan
udhun mudhun kudhunan	andhap mandhap kandhapan
udud	ses; ngeses
uga	ugi
ukiran (garan keris)	jejeran
ula	sawer
undhak mundhak ngundhaki	indhak mindhak ngindhaki
undhakan	indhakan

unggah munggah	inggah minggah
ungkur ngungkuraké saungkuré	pangker mengkeraken sapenkeripun
uni muni	ungel mungel
unèn-unèn	ugel-ugelan
upadi ngupadi	upados ngupados
upama saupama	upami saupami
utama	utami
utang ngutangi	1 sambutan; 2 nyambut nyambuti
uwong	tiyang
uyah nguyahi	sarem nyaremi
waca maca wacan	waos maos waosan
wedi	wados
wewadi	wewados
waé	kémawon
waja	waos
Walanda	Walandi
wani manèni kumawani	wantun mantuni kumawantun
wanti-wanti	wantos-wantos
wareg maregi kuwaregen	tuwuk nuwuki ketuwuken
werna (ma)warna-warna	warni (ma)warni-warni

warta pawarta	wartos pawartos
warung marung	wandé mandé
watara sawatara	watawis sawatawis
watu	séla
wedel medel	wedel; nyelep medal; nyelep
wedelan	wedelan; celepan
wedhus	ménda
wedi medèni	ajrih ngajrih-ajrihi
wektu	wekdal
wengi kewengèn	dalu kedalon
werna	werni
wesi	tosan
wesi aji	wesi aji; tosan aji
wetara sawetara	wetawis sawetawis
wigati	wigatos
wilang milang	wical mical
wilangan	wicalan
wis	sampun
wluku	wlujeng
wong	tiyang
wrangka	sarungan; wrangka
wrata	wradin
wulang mulang	wucal mucal
wulangan	wucalan
wurung orang wurung	sandé mboten sandé

wutuh wuwutuhan	wetah wetahan
wuwuh muwuhi	wéwah méwahi
ya	inggih
yekti	yektos
sayektiné	sayektosipun
yèn	yèn; bilih

4.1 Tembung Ngoko, Krama, Krama Inggil, lan krama Andhap

Ngoko	Krama	Krama Inggil
adhi(k)	adhi(k)	rayi
ajang	ajang	ambegan
akon	akén	ndawuhi; ngutus *KA:* ngaturi
aku	kula	*KA:* dalem; kawula; abdi dalem
alis	alis	imba
ambung ngambung	ambung ngambung	aras ngaras
amit	amit	*KA:* kula nuwun; nyuwun sèwu; nuwun séwu
ampir, mampir	mampir; kéndel	pinarak
anak	anak	putra
anggo nganggo kanggo	anggé nganggé kanggé	agem ngagem kagem
anom	aném	timur
arep ngarepi karep	ajeng ngajengi kajeng	kersa ngersani karsa; kersa
ari-ari	ari-ari	tuntunan
ati atén-atén	manah memanahan	penggalih penggalihan
awak ngawaki	badan ngawaki	slira nylirani

[1]awèh	suka	maringi
[2]awèh	nyukani	maringi *KA:* nyaosi; ngaturi
ayo	mangga	sumangga
bangkèkan	bangkèkan	pamekak
bantal	bantal	kajang sirah
bapa(k)	bapa(k)	rama
bathuk	bathuk	palarapan
batur	réncang	abdi
bebed	bebed	nyamping
bèn(é)	kajengipun	kersanipun
bojo	sémah	garwa
bokong	bokong	pocong
borèh	borèh	konyoh
brengos	brengos	rawis
bungah mbungahi bebungah	bingah mbingahi bebingah	rena - -
cangkem	cangkem	tutuk
cekel nyekel	cepeng nyepeng	asta ngasta
celathu	wicanten	ngandika; ngendika
cemethi	cemethi	tembung
cengel	cengel	griwa
céwok	céwok	cawik
cucul (klambi)	cucul	lukar
cukur	cukur	paras
cundhuk	cundhuk	sangsangan
dadah ndadah	dadah ndadah	ginda ngginda
dandan ndandani (mantén) ndandani (omah)	dandos ndandosi ndandosi	busana mbusanani -
dèlèh ndèlèhaké	suka nyukakaken	paring maringaken

deleng ndeleleng	tinggal ninggali	priksa mriksani
dadha	dadha	jaja
dhengkul	dhengkul	jengku
dhéwé, dhéwéké	piyambakipun	panjenenganipun
dodot	dodot	kampuh
dokok ndokok(aké)	déké ndékék(aken)	paring maringaken
dolan	dolan	ameng-ameng
doyan	doyan	kersa
élu, mélu	tumut	*KA:* ndhèrèk
eluh	eluh	waspa
embah	embah	éyang
embok	embok	ibu
embuh	kilap	*KA:* duka; nyuwun duka; duka dalem
embun-embunan	embun-embunan	(pa)sundhulan
endem, mendem ngendemi	mendem ngendemi	wuru muroni
endhas	sirah	mustaka
enggo	enggé	agem
enom	eném	timur
entut	entut	sarip
gawa	bekta	asta; mpil
nggawa	mbekta	ngasta; ngampil
gawé nyambut gawé	damel nyambut damel	ngasta ngasta
geger	geger	pengkeran
gelang	gelang	bbinggel
gelnung	gelung	ukel
githok	githok	griwa
gugu, nggugu	nggega	ndhahar
gulu	gulu	jangga
gunem, guneman	gineman	ngendikan
icip, ngicipi	ngicipi	ngedhapi

idep	idep	trecepan
idu paidon	idu paidon	kecoh pakecohan
iket	iket	dhestar
ilo, pangilon	pangilon	paningalan
imbuh (sega)	imbet	tanduk
inep, nginep	nyipeng	nyaré
inggat, minggat	minggat	lolos
iring, ngiringaké	ngiringaken	*KA:* ndhèrèkaken
irung	irung	grana
ising, ngising	bebucal	bobotan
itil	klentit	prana
jagong, jagongan	jagongan	lenggahan
jaluk njaluk	tedha nedha	pundhut; suwun mundhut *KA:* nyuwun
jamu	jampi	loloh
janggut	janggut	kethekan
jaran	kapal	titihan
jarit	sinjang	nyamping
jenat	jenat	swargi
jeneng	nama	asma
jénggot	jénggot	gumbala
jogèd	jogèd	beksa
njogèd	njogèd	mbeksa
jungkat	jungkat	pethat
jupuk	pendhet	pundhut
njupuk	mendhet	mundhut
kakang	kakang	raka
kalung	kalung	sangsangan
kandha	criyos	ngendika *KA:* matur; munjuk
kagèt	kagèt	kejot
kangen	kangen	kapang
kathok	kathok	lancingan
kél	kél	tarab

kemben	kemben	kesemekan
kemu	kemu	kembeng
kemul	kemul	sigeb
keris	dhuwung	wangkingan
kijing	kijing	sekaran
kok(-cuwil)	sampéyan(cuwil)	panjenengan(cuwil)
kon ngekon	kén ngekén	utus; dhawuh ngutus; ndhawuhi
konthol	konthol	plandhungan
kowé	sampéyan	panjenengan
kramas	kramas	jamas
kringet	kringet	riwé
-ku (sabun*ku*)	(sabun) kula	(sabun) dalem
kubur, ngubur kuburan	metak kuburan	nyarèkaken pasaréan
kuku	kuku	kenaka
lair lairan	lair lairan	miyos wiyosan
laki	laki	1 garwa; 2krama
laku mlaku mlaku-mlaku	lampah mlampah mlampah- mlampah	tindak tindak tindak-tindak
lali, kelalèn	kesupèn	kalimengan
lambé	lambé	lathi
lanang palanangan	jaler pajaleran	kakung kalam
lapak	lapak	kambil
lara nglarani kelaran	sakit nyakiti kesakitan	gerah - -
lèk, lèk-lèkan	lèk-lèkan	wungon
linggih	lenggah	pinarak
liwat ngliwati	langkung nglangkungi	miyos -
luh	luh	waspo

lunga lelungan	késah kekésahan	tindak tindakan
lungguh	lenggah	pinarak
mata	mripat	soca; tingal
mayit	mayit	layon
mutah	nuntak	luntak
neptu	neptu	tingalan
nesu	nesu	duka
ngèngèr	ngèngèr	ngabdi
olèh	suka	kepareng
omah omah-omah	griya émah-émah	dalem krama
ombé ngombé ombèn-ombèn	ombé ngombé ombèn- ombèn	unjuk ngunjuk unjukan
ompong	ompong	gutuk; dhaut
papah, mamah	mamah	nggilut
pangan mangan panganan	tedha nedha tetedhan	dhahar dhahar dhaharan
pangur	pangur	kethik
paran marani	purug murugi	- nedhaki
pati mati maténi	pejah pejah; tilar donya mejahi	séda séda; surud nyédahi
pedhang	pedhang	sabet
pétan	pétan	ulik
riyak	riyak	jlagra
sapih nyapih	sapih nyapih	pegeng megeng
séndhok	séndhok	lantaran
sikil	suku	sampéyan
sikut	sikut	siku

silih nyilih	sambut nyambut	ampil (mundhut) ngampil *KA:* (nyuwun) ngampil
sisi	sisi	semprit
sisig	sisig	lathi
slamet nylameti slametan	wilujeng milujengi wilujengan	sugeng nyugengi sugengan
somah	sémah	garwa
srengen, nyregeni	nyregeni	ndukani
sruwal	sruwal	lancingan
susu nyusu suson	susu nyesep sesepan	prembayun - -
takon	takén	ndangu; mundhut priksa *KA:* nyuwun priksa
tangan nangani tandha tangan	tangan nangani tandha tangan	asta ngasta (piyambak) tandha asta; tandha asma
tangi	tangi	wungu
tangis nangis	tangis nangis	pamuwun muwun
tapel (tamba)	apel	reketan
tapih	tapih	nyamping
teka nekani ketekan	dhateng ndhatengi kedhatengan	rawuh ngrawuhi kerawuhan
tekan	dumugi	rawuh
teken	teken	lantaran; rotan; panjenengan
tonton nonton	tingal ningali	priksa mriksani
tuduh nduduhi	tedah nedahi	paring/atur priksa maringi priksa *KA:*ngaturi priksa

tuku	tumbas	pundhut; mundhut
tuma	tuma	itik
tunggang nunggang tunggangan	tumpak numpak tumpakan	titih nitih titihan
tungguk	tungguk	*KA:* caos
turu nuroni	tilem nilemi	saré nyarèni
turon	tileman	saréan
turun	turun	tedhak
tutur, pitutur nuturi	pitutur nuturi; nyanjangi	pangandika ngendikani
tuwa maratuwa	sepuh marasepuh	yuswa -
ulih mulih	antuk mantuk	kondur kondur
umbel	umbel	gadhing
umur	umur	yuswa
undang, ngundang	ngundang	nimbali *KA:* ngaturi
untu	untu	waja
urip	gesang	sugeng
utah, mutah	nuntak	luntak
uyuh nguyuh	uyuh toyan	turas turas
wadon pawadonan	èstri pawèstrén	putri badhong
wahing	wahing	sigra
waras	saras	dhangan
watuk	watuk	cekoh
wedhung	wedhung	pasikon
wèh ngawèhi	suka nyukani	paring; caos; atur maringi maringi *KA:*nyaosi; ngaturi
weruh meruhi	sumerep nyumerepi	priksa; (w)uninga priksa; ngawuningani

weteng meteng	weteng wawarat	pandharan mbobot
wetu metu kewetu	wedal medal kewedal	wiyos miyos kewiyos
wicara micara	wicanten micanten	pangandika -
wisuh	wisuh	wijik
wong	tiyang	priyayi
wuda	wuda	lukar
wudel	wudel	nabi
wudun	wudun	untar

KAPUSTAKAN

Anonim. 1946. *Karti Basa*. Djakarta: Kementrian “Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan”.

Hadiwidjana, R.D.S. 1967. *Tata-Sastra*. Jogja: U.P. Indonesia.

Poedjasoedarma, Soepomo *et al.* 1979. *Morfologi Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.

Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Bahasa Djawa*. Batavia: J.B. Wolters’ Uitgevers Maatschappij N.V.


Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 1993. “Pemarkah Bahasa Jawa”. Dalam *Bahasa dab Sastra* Tahun XI Nomor 3.

BIODATA PENULIS

SUWADJI lahir di Blitar, 29 April 1946. Tahun 1971, ia meraih gelar S1 jurusan Bahasa danSastra Indonesia FKSS IKIP Malang.

Menjadi pegawai Balai Penelitian Bahasa Yogyakarta mulai tahun 1975. Di Instansi yang sama sejak 1992 diangkat menjadi Kepala. Pada tahun yang sama (1992) juga diangkat menjadi Peneliti Muda di Balai Penelitian Bahasa Yogyakarta.

Morfosintaksis Bahasa Jawa; Perbandingan Sistem Morfologi Verba Bahasa Jawa dengan Sistem Morfologi Verba Bahasa Indonesia; Sistem Kesinoniman dalam Bahasa Jawa yang diterbitkan oleh Departemen Pendidikan dan Kebudayaan merupakan beberapa buku hasil karyanya bersama tim penelitinya.



Kathah tiyang sami nggersula menawi gesangipun basa Jawi sapunika kirang ngremenaken, mliginipun ing bab cak-cakanipun basa karma. Satleraman, salah satunggaling bab ingkang dados underaning prekawis inggih punika kirangipun seserepaning masyarakat dhateng tembung ngoko, krama, krama inggil punapa dene krama andhap dalah penganggenipun ing basa Jawi. Inggih awit saking bab punika, basa Jawi lajeng ketingal boten kados samestinipun. Malah, saperangan masyarakat, mliginipun para nem-neman, sami ajrih ngginakaken basa Jawi, kuwatos menawi dados gegujenganipun tiyang sanes.









KEMENTERIAN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
BADAN PENGEMBANGAN DAN PEMBINAAN BAHASA
BALAI BAHASA PROVINSI DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA